

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap:

Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 62,96 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina éjahan, diksi, adegan basa, struktur téks biantara, jeung karapihan tulisan.

Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* kawilang mampuh. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata peunteun *post-test* siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation* nya éta 80,86 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa mampuh dina éjahan, diksi, adegan basa, struktur téks biantara, jeung karapihan tulisan. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir, yén kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018 ngaronjat tina can mampuh (62,96) jadi mampuh (80,86).

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Invéstigation*. Jadi, modél pangajaran *Group Invéstigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018.

#### 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Group Invéstigation* dilarapkeun dina pangajaran nulis téks biantara pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara *positif* dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél *Group Invéstigation* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél pangajaran *Group Invéstigation* kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018.

**YENI SURAHMANTIKA, 2017  
MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION  
DINA NULIS TÉKS BIANTARA**

**(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung  
Taun Ajaran 2017/2018)**

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Invéstigation* jadi salahsahiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelanana dina pangajaran nulis téks biantara. Ieu modél téh ngaduminasikeun kamampuh nulis anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikaresepeun, nya éta “diajar babarengan”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika nulis téks biantara.

### 5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *Group Invéstigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2017/2018, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Group Invéstigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salahsahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran di kelas.
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékpérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega.
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *Group Invéstigation*.
- 4) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa di SMP.